



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA IJANS NAN TOUT HUDSON VALLEY, VIL
NEW YORK AK LONG ISLAND - ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU EVITE
DEPLASMAN**

*Eta ijans deklare nan Vil New York, ansanm ak Konte Sullivan, Ulster, Dutchess,
Orange, Putnam, Rockland, Westchester, Nassau ak Suffolk*

*Konsèy pou vwayajè ak moun k ap deplase: Sèvis metwo ki pase sou tè yo ka
gen reta enpòtan oswa kanpe apre midi sa akòz tanpèt Nòde a; Kèk twonson nan
ray tren Long Island ak Metwo Nò a ka fè fas ak sispansyon sèvis yo tou*

*Kèk twonson nan wout kle yo tankou Long Island Expressway lan, I-84 ak lòt ka
fè fas ak entèdiksyon vwayaj si pousantaj chit nèj yo atenn ant 2 - 3 pous pa
èdtan*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare yon eta ijans nan Vil New York ak 9 lòt konte nan tout Hudson Valley ak Long Island. Konte sa yo ki enkli nan deklarasyon ijans lan espesyalman se Konte Sullivan, Ulster, Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Westchester, Nassau ak Suffolk.

Gouvènè a te soti tou yon avi pou vwayajè ak moun k ap fè deplasman yo - toudepann de eta tanpèt la grav, sèvis metwo ki pase sou tè, ansanm ak sèvis sou yon pati nan Long Island Railroad lan ak Metwo Nò, ka gen reta enpòtan oswa kanpe apre midi sa. Anplis, yon kantite gwo wout tankou Long Island Expressway, I-84 ak lòt ka fè fas ak entèdiksyon vwayaj si pousantaj chit nèj yo atenn nivo de a twa pous pa èdtan yo prevwa a. Yo ankouraje Nouyòkè yo pou evite tout deplasman ki pa nesèsè. Nouyòkè sa yo ki dwe deplase ta dwe fè sa ak anpil prekosyon epi eseye rive nan destinasyon yo **ANVAN MIDI**.

"Tanpèt sa se pa jwèt e pwoblèm prensipal la kounye a sèke pousantaj chit nèj de pous pa èdtan yo prevwa apre midi sa kreye yon sitiyaasyon ekstrèmman danjere sou wout nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Lè nèj ap tonbe rapid konsa, sa rann li difisil anpil pou chasnèj yo ka swiv yo. Mwen vle pou Nouyòkè yo tandè byen fò epi klè - rete lakay nou epi lwen wout yo e si ou dwe deplase, ale kote ou prale a anvan midi, epi prevwa pou rete lakay ou pou yon ti tan. Nou te pase nan sa anvan e n ap soti nan sa ankò."

Tanpèt la, ki te deja kòmanse pwodui nèj nan rejyon sid eta a lannwit lan, prevwa pou l yon evènman ki dire, ak nèj k ap pwopaje vè nò jodi a jiska aswè a epi kontinye nan kèk kote jiska mèkredi maten, espesyalman nan kèk pati nan North Country, Southern Tier ak Santral NY. Yo prevwa pou total nèj ki pi elve yo nan Vil New York, Long Island, ak Rejyon Mid-Hudson kote kèk kote ta ka obsève jiska de pye nèj nan madi maten. Lòt kote nan Rejyon Kapital la, Santral NY, Mohawk Valley ak Southern Tier ta dwe obsève jiska yon pye nèj oswa plis nan madi apre midi ak mèkredi maten.

Yo prevwa pou pousantaj chit nèj yo ogmante a 1-3 pous pa èdtan pi ta nan maten sa toutotan tanpèt la ap pwogrese vè nò. Rafal van yo ta ka atenn 80 kilomèt alè oswa plis nan Long Island, espesyalman nan lès Long Island kote rafal van 97 kilomèt alè ta ka fèt, alòske anpil kote nan nò eta a ta ka obsève jiska 64 kilomèt alè rafal van. Nèj k ap soufle epi vire gen chans pou lakoz vizibilite ki redui ak kondisyon pou kondui ki danjere nan kèk kote.

Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman metewolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la nan zòn ou an.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)